# Ақтубада цементобетон қапламалы жол қурылды

Социаллық-экономикалық раўажланыўы ҳәм турмыслық машқалалары бар болған Кегейли районындағы Ақтуба аўыл пукаралар жыйынында елатлы пунктлердиң архитектуралық көринисин жақсылаў, жол транспорт инфраструктурасы, инженерлик коммунакация тармақларын тартыў ҳәм абаданластырыў жумысларын шөлкемлестириў бойынша "Абат аўыл" бағдарламасы тийкарында илажлар алып барылмақта.

Image not found or type unknown

Бағдарламаға муўапық, аўыл пуқаралар жыйыны аймағында баҳасы   2 млрд.735 млн.сўм болған 7,5 км ишки жолларды оңлаў жумыслары алып барылмақта. Ал, аймақтағы Қарасыйрақ аўылының орайлық көшесине  жәми 500 метр узынлықтағы цементобетон қапламалы  жол қурылысы жумысларын әмелге асырыў белгиленген болып, бүгинги күнде жумыс көлеми сапалы орынланып, аймақ турғынларына пайдаланыўға тапсырылды. Жаратылған қолайлық ҳәм жоқары итибар ушын аймақ турғыналарының куўанышы өз алдына болмақта.

Image not found or type unknown

Кегейли районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети